



HomeBASE

Ede fanmi ki elijib pou Abri Familyal Ijans EA
jwenn lojman ki estab rapidman

Kisa HomeBASE ye?

Yon pwogram avantaj pou ede fanmi ki sanzabri nan bay jiska \$ 30,000 sou yon peryòd de ane, ak posibilite pou yon twazyèm ane èd

Pou ki bagay HomeBase ka peye?

- 1 Iwaye premye ak dènye mwa a, depo sekirite, ak frè koutye a pou yon nouvo apatman
- 2 peman chak mwa pou ede avèk Iwaye pou jiska twa ane*
- 3 mèb, depans demenajman, ak sèvis publik, ki baze sou bezwen fanmi yo
- 4 peman Iwaye ak/oswa sèvis publik ki anreta

Yon manadjè ka pral ede chak fanmi jwenn sipò kominotè pou edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, jwenn yon travay, ak gadri.

Kijan pou Aplike pou Abri Fanmi Ijans EA

Fanmi yo ka aplike an pèsòn nan youn nan 10 lokal biwo Depatman Asistans Tranzisyon reyjonal (DTA) OSWA pa telefòn nan **866-584-0653**.

Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab yo (EOHLC) responsab pou deside si yon fanmi kalife pou EA Emergency Family Shelter.

Si yo jwenn ou elijib, yo pral refere w bay HomeBASE. Yon moun nan pwogram nan pral kontakte ou nan lespas 24 èdtan.

Plis enfòmasyon sou aplikasyon an nan:
<https://www.mass.gov/how-to/apply-for-ea-emergency-family-shelter>

Kiyès ki elijib?

- Fanmi k ap viv nan Abri Familyal Asistans Ijans EA
- Fanmi ki ranpli tout kondisyon pou Abri Familyal Ijans EA (bay tout dokiman ki nesesè yo), menm si yo pokò nan yon abri
- Fanmi k ap viv nan abri vyolans domestik ki pa EA ak pwogram tretman utilizasyon rezidansyèl ka elijib pou HomeBASE

Pou kalifye pou Abri Familyal Ijans EA (ak HomeBASE) fanmi yo dwe:

1. Yon rezidan Massachusetts
2. Satisfè kritè revni pwogram nan *
3. Gen timoun ki pokò gen 21 ane, oswa ansent
4. Sanzabri akòz:
 - Dife envolontè, inondasyon, dezas natirèl, kondanasyon, oswa sezi
 - Ap Kouri pou vyolans domestik
 - Degèpisman san fot ou
 - Timoun ekspoze a yon risk sante ak sekirite grav

*Applikan yo elijib pou revni si revni fanmi yo anvan taks la nan oswa pi ba pase 115% nan Direktiv Federal pou Povrete yo (FPG) pou gwosè fanmi yo. Gade limit FPG yo isit la:
www.mass.gov/how-to/apply-for-ea-emergency-family-shelter

Si w nan yon kriz lojman epi w bezwen èd:

Si yo menase degèpi w, men ou pokò sanzabri, kontakte pwogram RAFT la nan
www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft

Rele 211 pou enfòmasyon sou pwogram nan zòn ou an oswa vizite Mass211.org

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab yo

Divizyon Estabilizasyon Lojman | Flayè HomeBASE | Dènye Mizajou: 11/06/2023 | ANGLE





HomeBASE

Ede fanmi ki elijib pou Abri Familyal Ijans EA pou jwenn lojman ki estab rapidman

Ou ka gen kesyon sou HomeBASE. Tanpri gade anba a pou repons a kesyon komen yo.

Tanpri vizite www.mass.gov/info-details/homebase pou plis enfòmasyon.

Kouman pou mwen konnen si mwen elijib pou HomeBASE?

Si w kalife pou Abri Familyal Ijans EA, ou elijib tou pou HomeBASE. Moun ki detèmine si ou kalife pou EA Emergency Family Shelter ap di ou si ou elijib pou HomeBASE.

Ki èd mwen pral jwenn nan HomeBASE?

HomeBASE pral ede w chèche lojman ki estab. Sipò finansye disponib (pou ede w peye lwave, depans pou demenajman, mèb, ak plis ankò). Plis sipò disponib tou pou ede w jwenn yon travay epi jwenn gadri

Pa gen moun ki pale m de HomeBASE. Kisa pou mwen fè?

Tanpri rele oswa voye kontak eta w la pa imèl si ou pa t resevwa yon apèl oswa yon imèl konsènan HomeBASE EPI ou elijib pou EA.

Ou ka fè sa lè w rele 866-584-0653. Tanpri konnen sa ka pran 24 èdtan pou yon founisè sèvis reoryantasyon kontakte ou.

E si mwen nan abri kounye a?

Si w ap viv nan yon Abri Fanmi EA, men ou vle jwenn lojman ki pi estab, ou ka jwenn aksè tou a HomeBASE.

Tanpri travay avèk anplwaye nan abri w la osa travayè ka w la pou jwenn plis enfòmasyon.

Ki sa ki yon founisè sèvis reoryantasyon?

Yon founisè sèvis reoryantasyon se yon òganizasyon ki ede patisipan HomeBASE yo jwenn lojman.

Reoryantasyon vle di w ap jwenn lojman ki estab olye pou w ale nan yon abri tanporè.

Èske gen yon aplikasyon apa pou HomeBASE?

Non. Si w te aplike pou EA Emergency Family Shelter, ou pa bezwen ranpli okenn lòt aplikasyon. Yon founisè sèvis reoryantasyon ap rele ou oswa voye yon imèl ba ou. Yo pral ede w ranpli fòm ki nesesè pou w resevwa avantaj HomeBASE yo.

Kiyès pou m rele pou plis enfòmasyon sou HomeBASE?

Si w elijib pou Abri Familyal Ijans EA, anplwaye yo pral di w plis epi fè yon referans pou ou.

Yon fwa yo refere w, yon founisè sèvis reoryantasyon ap rele w osa voye yon imèl ba ou nan lespas 24 èdtan. Ou pa bezwen rele pèsonn – yo pral rele ou. Tanpri pataje pi bon nimewo pou yo jwenn ou.

Si w nan yon kriz lojman epi w bezwen èd:

Si yo menase degèpi w, men ou pokon sanzabri, kontakte pwogram RAFT la nan www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft

Rele 211 pou enfòmasyon sou pwogram nan zòn ou an osa vizite Mass211.org

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab yo

Divizyon Estabilizasyon Lojman | Flayè HomeBASE | Dènye Mizajou: 11/06/2023 | ANGLE

